

# एमसीसी नेपाल कम्प्याक्ट सम्बन्धी सङ्क्षिप्त प्रश्नोत्तर

MILLENNIUM CHALLENGE CORPORATION
UNITED STATES OF AMERICA

**१. एमसीसी नेपाल “कम्प्याक्ट” (सम्झौता) के मतलब का बा ?**
एमसीसी नेपाल सम्झौता (अङ्ग्रेजी में कहल ‘कम्प्याक्ट’ सम्झौता) के अर्थ नेपाल सरकार और एमसीसी के बीचे वि.सं. २०७४ भदौ २९ गते हस्ताक्षर भइल ५० करोड अमेरिकी डलर बराबर के पाँच वर्षीय अनुदान सम्झौता है /कुल लगानी ६३ करोड अमेरिकी डलर रहल बा यहि आयो जना में नेपाल सरकार के द्वारा १३ करोड अमेरिकी डलर के लगानी से हो बा।

**२. मिलेनियम च्यालेञ्ज एकाउण्ट नेपाल (एमसिए–नेपाल) के मतलब का वा ?**
एमसिए-नेपाल के अर्थ एमसीसी सम्झौता अन्तर्गत के आयोजना का कार्यान्वयन करै खातिर वि.सं. २०७५ बैशाख में नेपाल सरकार के द्वारा नेपाल के विकास समिति ऐन, २०१३ अन्तर्गत गठन भंइल विकास समिति बा।

**३. मिलेनियम च्यालेञ्ज एकाउण्ट–नेपाल (एमसिए–नेपाल) के चलावे जिम्मेवारी केकर वा ?**
नेपाल सरकार के प्रति उत्तरदायी स्वायत विकास समिति एमसिए-नेपाल के द्वारा कम्प्याक्ट के रेखदेख, व्यवस्थापन और कार्यान्वयन करै के अधिकार और जिम्मेवारी निर्वाह सेहो करत है। कार्यकारी निर्देशक के नेतृत्व मे निर्देशक, व्यवस्थापन, विशेषज्ञ और अन्य कर्मचारी के सहयोग से एमसिए-नेपाल सञ्चालित है। एकरे रेखदेख के खातिर गठन कइल सञ्चालक समिति में अर्थ मन्त्रालय, उर्जा मन्त्रालय, भौतिक पूर्वाधार तथा यातायात मन्त्रालय, नेपाल विद्युत प्राधिकरण आदि के प्रतिनिधि यही मे सामिल वा।

**४. कार्यक्रम सञ्चालन में नेपाल सरकार के भूमिका का वा ?**
हइ में नेपाल सरकार के केन्द्रीय भूमिका रहल बा वि.सं. २०७५ बैशाख में मन्त्रिपरिषद् के स्वीकृति से गठित एमसिए-नेपाल, नेपाल सरकार के निकाय वा।

**५. एमसिए–नेपाल में यहि समय केतना जनें कर्मचारी कार्यरत है ? अन्ततः परियोजना केतने जने का रोजगारी देई ?**
एमसिए-नेपाल में यहि समय लगभग ६० कर्मचारी बा। बन के काम शुरु होय के बाद आयोजना के द्वारा आयोजना अवधि भर में नेपाल में करीब सात हजार पाँच सय रोजगारी के अवसर उपलब्ध कराबै के अपेक्षा वा।

**६. एमसिए–नेपाल का कर छुट के सुविधा मिली ?**
एमसीसी सम्झौता अन्तर्गत उपलब्ध कराबा वाला सहयोग कर रहित अनुदान बा। एहि मार्फत खरिद कइल हरेक उपकारण, सम्पत्ती वा सेवा में कर मिनहा रही। एमसिए-नेपाल आय आर्जन न करैवाला निकाय होय के नाते यी कर नाही देई, लेकिन यहि विकास समिति के कर्मचारी लोग आयकर के नियम अनुसार आयकार द रहल बा।

**७. एमसिए–नेपाल अन्तर्गत के विद्युत प्रसारण आयोजना का करी ?**
एमसिए-नेपाल अन्तर्गत के विद्युत प्रसारण आयोजना करिब ३१५ मिलोमिटर लम्मा ४०० केभी क्षमता के प्रसारण लाइनके साथ तीन जगहिया नवाँ विद्युत सब-स्टेसन के निर्माण करी। यहि आयोजना के द्वारा नेपाल सरकार के ऊर्जा क्षेत्र के विविध पक्ष में प्राविधिक सहयोग से हो करि है।

**८. प्रसारण लाइन कवन कवन जिला होइके जाई ?**
प्रसारण लाइन सिन्धुपाल्चोक, काठमाडौं, नुवाकोट, धादिङ, मकवानपुर, चितवन, तनहुँ, पाल्पा, नवलपुर और परासी जिला होत जाई।

**९. सडकि मर्मत आयोजना के द्वारा का का कईल जाई ?**
सडकि मर्मत आयोजना के उद्देश्य व्यापारिक रुप मे महत्वपूर्ण सडकि के आवधिक मर्मत सम्भार में सहयोग कइके सडकि के गुणस्तर कायम करि है। यहि काम में नवाँ प्रविधि प्रयोग होइ। यी आयोजना पुरा होय के बाद नेपाल के सडकि मर्मत सम्भार में लागवाले लागत और समय में उल्लेखित वचत होय के अपेक्षा कइल गइल बा।

**१०. कवन कवन सडकि के मर्मत सम्भार और सुधार जाई ?**
सडकि मर्मत आयोजना मुख्यतयः दाङ जिला के पूर्व-पश्चिम राजमार्ग के सडकि तक केन्द्रित रही। सडकि मर्मत के परीक्षण के काम यहि राजमार्ग के धान खोला से लमही तक के सडकि खण्ड में कइल जाई। यही परीक्षण के आधार पर एमसिए-नेपाल बाद में लमही मे शिवखोला तक के सडकि के ममर्त के काम पुरा करी। यहि मर्मत काम के खातिर प्रस्तावित पूर्व-पश्चिम राजमार्ग के सडकि खण्ड के कुल लम्बाई करीब ७७ किमि है।

**११. आयोजना के द्वारा प्रसारण लाइन बनाव खातिर पारैवाला जगही में पाच वर्ष के बाद केकर स्वामित्व कायम होई ?**
नेपाल के जग्गा प्राप्ति ऐन, २०३४ का प्रयोग कइकै जमीन लेल जाई और ऊ जमीन नेपाल सरकार के अधिकार में रही।

**१२. आयोजना अवधि पुरा होय के बाद एमसिए–नेपाल के का कैल जाई ?**
एमसिए-नेपाल कम्प्याक्ट कार्यान्वयन में आई जाय के बाद पाँच वर्ष के भित्तर कार्यक्रम अन्तर्गत के हरेक आयोजना पुरा करे परी। ऊ काम पुरा होय के वाद सरकार एमसिए-नेपाल का विघटित कइ सकत है वा एमसिए-नेपाल के नाव बदलि के येक आउर कवनो जिम्मेवारी दे सकत है। येकर सारा सम्पत्ती तालुकदार मन्त्रालय वा मन्त्रालय से कायम कइल निकाय का हस्तान्तरण कईल जाई।

**१३. एमसीसी कै अर्थ का बा ?**
मिलेनियम च्यालेन्ज कर्पोरेशन (एमसीसी) आर्थिक वृद्धिमार्फत गरिबी न्यूनीकरण करै के लक्ष्य भइल स्वतन्त्र अमेरिकी वैदेशिक सहयोग निकाय बा। एमसीसी सुशासन, आर्थिक और नागरिक के खातिर लगानी प्रति प्रतिबद्ध विकासोन्मुख देशन के साथे साझेदारी करत है।

**१४. एमसीसी कार्यक्रम कितना कई देश में कार्यान्वयन भइल बा ?**
सन् २००४ में स्थापना होय के बाद से एमसीसी के द्वारा लगभग ३० देशन में १३ अरब डलर से उपर के रकम के ३७ अनुदान सम्झौता में हस्ताक्षर कई चकल बा। यी ३७ सम्झैता मध्ये २५ ठउर सम्पन्न हो गइल बा और बाँकी के सम्झौता कार्यान्वयन में बा।

**१५. “एमसीसी नेपाल कम्प्याक्ट” सम्झौता के संसदीय अनुमोदन काहे जरुरी है ?**
नेपाल सन्धि ऐन, २०४७ के अनुसार यहि सम्झौताका अन्तर्राष्ट्रिय सम्झौता के मान्यता मिले के चाहीँ। नेपाल के कानुन तथा न्याय मन्त्रालय के सुझाव के अनुसार अइसन मान्यता संसदीय अनुमोदन मार्फतै मिले पाई। नेपाल के संसद् पहिले सन्धि ऐन अन्तर्गत अन्य अन्तराष्ट्रिय सम्झौता के अनुमोदन कइले बा।

**१६. संसद् से विगत में अनुमोदन भइल अन्तरराष्ट्रिय सम्झौता कौने कौने बा ?**
एमसीसी सम्झौता नेपाल के संसद् के द्वारा अनुमोदन कइल अन्य सन्धि के जइसै अन्तराष्ट्रिय सम्झौता होय के नाते यहु के संसदीय अनुमोदन करै के परी। नेपाल के संसद् के द्वारा विगत में अनुमोदन भइल अन्तराष्ट्रिय सम्झौता और सन्धी के कुछ उदाहरण यहि किसिम से बा।

- विश्व व्यापार सङ्गठन में सहभागिता सम्बन्धि अभिसन्धि ः
- संयुक्त राष्ट्रसंघ के वडा पत्र;
- कूटनैतिक सम्बन्ध सम्बन्धी भियना अभिसन्धि।

यहि किसिसम से प्रतिनिधि सभा के द्वारा निम्नलिखित सन्धि सम्झौता के अनुमोदन कइल गइल बा;

- शान्ति विश्वविद्यालय स्थापना सम्बन्धि अन्तरराष्ट्रिय सम्झौता;
- पारमाणविक विज्ञान तथा प्रविधि सम्बन्धी अनुसन्धान, विकास और तालिम के खातिर सम्पन्न क्षेत्रीय सहयोग सम्झोता २०१७;
- जैविक विविधता महासन्धि अन्तर्गत आनुवंशिक स्रोत तक पहुँच और यिनके उपयोग से होयवाले लाभ के पारदर्शी और समन्यायिक बाडँफाड सम्बन्धी नागोया अभिसन्धि;
- अन्तरराष्ट्रिय हवाई परिवहन विषयक नियमन कै एकीकरण करै के सम्बन्ध मे व्यवस्था भइल महासन्धि;
- अन्तरराष्ट्रिय आतङ्कवाद, अन्तरदेशीय सङ्गठित अपराध और अवैध लागुऔषध कारोबार विरुद्ध सहयोग सम्बन्धी विम्सटेक महासन्धि।

**१७. यी सम्झौता नेपाल के संविधान से उपर बा, का ?**
नाही यी सम्झौता नेपाल के संविधान से उपर नाही रही। अन्तर्राष्ट्रिय सन्धि ऐन के भावना के अधार पर स्थानीय कानुन से यहि सम्झौता के कवनो प्रावधान बाझेपर सम्झौता के ऊ प्रावधान कम्प्याक्ट कार्यान्वयन के सन्दर्भ में खाली स्थानीय कानुन सरह भर मानल जाई। नेपाल के संविधान में प्रष्ट रुप से मूल कानुन से बाझेपर वहि हद तक के हरेक सम्झौता वा सन्धि स्वतः बदर हो खे व्यवस्था भइल बा।

**१८. यहि सम्झौता में इताना ढेर पूर्वशर्त काहे बा ?**
काम सुरु होय के बाद कार्यान्वयन प्रक्रिया में रोकावट न आवै के सुनिश्चितता के खातिर यी शर्त राखे के आपसी सहमती नेपाल और एमसीसी के द्वारा भइल बा वडहन पूर्वाधार आयोजना मे समय आ लागत ढेर लागके सामान्य वातिया वा पूर्वशर्त के रुप मे भईल क्रियाकलापन का पुरा कइकै यइसने चुनौति न्यूनीकरण करै के प्रयास एमसीसी मोडल के द्वारा कइल जाई।

**१९. कार्यान्वयन करैवाले मुलुक के स्वामित्व के अर्थ का बा ?**
येकर अर्थ नेपाल खुद एमसिए-नेपाल मार्फत एमसीसी के निरीक्षण और सहयोग से यहि कार्यक्रम के कार्यान्वयन कइल जाई कार्यान्वयन करैवाले मुलुक के स्वामित्व विश्व के अलग अलग स्थान में सञ्चालित सम्पूर्ण एमसीसी कम्प्याक्ट कार्यक्रम के एक विशेषता बा।

२०. **हई अनुदान सहयोग का पावै खातिर नेपाल कवने किसिम के प्रक्रिया पूरा कइले बा ?**
एमसीसी के सञ्चालक समिति सन् २०१४ में कम्प्याक्ट सम्झौता तयार करै के खातिर योग्य मुलुक के रुप मे नेपाल के चुनले रहल बाद नेपाल के आर्थिक विकास के मुख्य अवरोध के सम्बोधित करैवाला आयोजना डिजाइन करै खातिर नेपाल सरकार एमसीसी से सहकार्य कइलस। यहि क्रम में वि.सं. २०७४ भदौं २९ गते यहि सम्झौता में हस्ताक्षर भइल बा।

२१. **नेपाल से सम्झौता डिजाइन करै के तरीका कइसन रहल बा ?**
नेपाल कम्प्याक्ट सन् २०१४ में नेपाल सरकार आ एमसीसी के द्वारा सयुंक्त रुप में तयार कइल आर्थिक वृद्वि के अवरोध सम्बन्धी प्रतिवेदन पर आधारित वा। सन् २०१६ में नेपाल सरकार के द्वारा कइल विस्तृत सम्भाव्यता अध्ययन के आधार पर यहि कार्यक्रम का दुइ प्रमुख क्षेत्र अर्थात् विद्युत् प्रसारण और सडक मर्मत सम्भार पर केन्द्रित कइल गइल रहल।

२२. **एमसीसी आ हिन्द–प्रशान्त रणनीति (IPS) के बीचे का सम्बन्ध है ? यी सम्झौता अमेरिका के राष्ट्रिय सुरक्षा आ प्रतिरक्षा रणनीति के हिस्सा बा ?**
एमसीसी सम्झौता एमसीसी और नेपाल सरकार के बीचे भइल एक सम्झौता बा और यी सम्बन्ध हिन्द–प्रशान्त रणनीति (IPS) आवै से पहिले के बा। एमसीसी सम्झौता गैरसैन्य सम्झौता बा, और अमेरिकी कानुन अनुसार एमसीसी के रकम सैन्य सहयोग वा प्रशिक्षण के खातिर नाही प्रयोग करल जाई।

२३. **यी सम्झौता चीन के बेल्ट एण्ड रोड (बीरआरआई) आयोजना प्रति के प्रतिक्रिया स्वरुप बा का ?**
नेपाल द्वारा चीन के बेल्ट एण्ड रोड आयोजना सम्बन्धी समझदारी पत्र मे दस्तखत हो से पहिले एमसीसी के द्वारा सन् २०१२ से नेपाल सरकार के साथ साझेदारी करत आ रहल बा यहि दुई के बीचे कवनो प्रतिस्पर्धा वा सम्बन्ध नाही बा।

२४. **यहि कार्यक्रम में खाली अमेरिकी कम्पनि के ठेक्का मिली, का ? यी बतिया सही बा ?**
नाही, हरेक खरीद खुला, निष्पक्ष और प्रतिस्पर्धात्मक होय के व्यवस्था सहित 'एमसीसी' कार्यक्रम खरिद 'निर्देशिका' के अनुसार मापदण्ड पूरा करैवाला हरेक सेवा प्रदायक के खातिर यी ठेक्का खुला रही।

२५. **नेपाल के साथे सम्झौता अन्तर्गत सिर्जित बौद्विक सम्पति अधिकार के स्वामित्व एमसीसी के साथे रही ?**
यहि सम्झौता अन्तर्गत सिर्जित सम्पुर्ण बौद्विक समति नेपाल सरकार के स्वामित्व में रही। लेकिन एमसीसी के द्वारा भविष्य मे होव वाला सम्झौता के काम में सुधार के खातिर ऊ बौद्विक सम्पति एमसीसी के द्वारा कइ पावै के सुनिश्चितता करे खातिर नेपाल सरकार के द्वारा अपने अधिकार का यथावत् राखिकै एमसीसी के ऊ बौद्विक सम्पति का प्रयोग करै के अधिकार देल गइल बा।

२६. **नेपाल के साथे एमसीसी सम्झौता के खातिर भारत के स्वीकृति चाही कि नाही ?**
नाही चाही, एमसीसी सम्झौता के खातिर भारत सरकार के स्वीकृति नाही चाही। नेपाल मे बना प्रसारण लाइन से जोडे खातिर भारतीय भूभि मे लगभग १२० किलोमिटर प्रसारण लाइन बनावै के परी। भारतीय भूमि में बनावा जायवाले वहि प्रसारण लाइन के खातिर नेपाल और भारत के बीचे सहमति एमसीसी सम्झौता के खातिर जरुरी है। यहि समय सञ्चालन में आ चुकल ढल्के वर-मुजफ्फरपुर प्रसारण लाइन के खातिर यही किसिम कै सहमती भइल रहल।

२७. **भारत नेपाल से विद्युत खरीदी येकर कवन ग्यारेण्टी बा ?**
नेपाल और भारत के बीचे के सम्बन्ध के लम्मा इतिहास है, साथै यी दुनो देश विगत के समय मे अलग अलग संयुक्त संयन्त्र मार्फत काम कइले बा। नेपाल और भारत के बीचे प्रसारण लाइन से उर्जा के क्षेत्र में रिजनल कनेक्टिभिटी (क्षेत्रीय सञ्जाल) प्रवर्द्वन करे और यी सञ्जाल अन्य मुलुक मे समेत विस्तारित होय के अपेक्षा कइले बा। नेपाल सरकार और भारत सरकार के बीचे सन् २०१४ के अक्टोवर मे भइल ऊर्जा व्यापार सम्झौता से नेपाल और भारत के बीचे सीमापार ऊर्जा व्यापार के खातिर रास्ता खोल देले बा। अन्तरदेशीय लाइन मार्फत कवनौ दिशा मे होयवाला विद्युत् व्यापार अन्ततः माग और आपुर्ति के अवस्था और वोकर मोल जइसन बजार शक्तिन के उपर निर्भर रही।

२८. **एमसीसी सम्झौता के लेखापरीक्षण के करी ?**
लेखापरीक्षण करै के हक नेपाल सरकार और एमसीसी दुनो के बा। नेपाल के जिल्ला कोष तथा लेखा नियन्त्रक कार्यालय औंर महालेखापरीक्षक कार्यालय दुनो एमसीसी सम्झौता के आर्थिक लेखापरीक्षण करत है। लेखापरीक्षण आउर विवरण एमसीसी सम्झौता के दफा ३,८ (क) मे लिखल बा।

२९. **अमेरिका एमसीसी सम्झौता का एकलौटी रुप में अन्त्य कइ सकत है ?**
नेपाल वा अमेरिका मध्ये सम्झौता के कवनौ एक पक्ष दुसरे पक्ष का ३० दिन के सूचना दूइके कवनौ भी समय में एकलौटी रुप मे सम्झौता अन्त्य कइ पावै के उल्लेख एमसीसी सम्झौता में भइल बा यहि सम्बन्धी आउर विवरण के खातिर एमसीसी सम्झौता के दफा ५.१ (क) देखल जाई।

३०. **नेपाल खुद विद्युत् पूर्वाधार निर्माण और सडकि मर्मत सम्भार के खातिर ऋण लइ सकत है तो एमसीसी से आर्थिक सहयोग के कवन जरुरत बा ?**
एमसीसी सम्झौता अन्तर्गत उपलब्ध भइल रकम अनुदान बा। ब्याज आर्जन होयवाले ऋण पर आधारित अधिकाशं पूर्वाधार कार्याक्रम मे जइसन जनता से उठाइल कर से यहि रकम फिर्ता नाही करके के परी। एमसीसी के मोडेल के अनुसार सम्झौता कार्यान्वयन करैवाले देश का रकम फिर्ता करै के बाति कै चिन्ता न कइकै अपने आर्थिक वृद्वि में ध्यान केन्द्रित करे के अवसर देई।

३१. **एमसीसी सम्झौता नेपाल में केतने वर्ष तक चली ? एमसीसी यिहा अनिश्चित काल तक रही ?**
एससीसी सम्झौता अन्तर्गत के आयोजना के निर्माण कार्य यहि सम्झौता के कार्यान्वयन के शुरुवात के मिति के ठीक पाँच वर्ष तक किया जाई और एकरे बाद आयोजना नेपाल सरकारका हस्तान्तरित कइल जाई। सम्झौता के कुछ प्रावधान आयोजना हस्तान्तरण के बादो कायम रहिहैं। कार्यालय बन्द करै मे करीब १२० दिन लागी, वही किसिम से अपेक्षित परिणाम आइल कि नाही येहु के अध्ययन अनुगमन और मूल्याङ्कन करै और लेखा के साथे अन्य अभिलेख के व्यवस्थित करे खातिर कुछ आउर समय लागि सकत है।

३२. **एमसीसी नेपाल का राष्ट्रिय हित के विपरीत है ?**
नाही एमसीसी सम्झौता के तयारी प्रति नेपाल में सन् २०११ से अवहिन तक के हरेक सरकार से समर्थन भैले वा और यहि कार्यक्रम से नेपाल के विद्युत और यातायात क्षेत्र में सुधार आवै अपेक्षा कइल है। नेपाल के राष्ट्रिय हित का दृष्टिगत कइ कै यहि कार्यक्रम के तर्जुमा भइल बा।

३३. **का एमसीसी नेपाल असंलग्न परराष्ट्र नीति पर असर पहुचाई ?**
नाही पहुचाई। एमसीसी सम्झौता के खातिर नेपाल का कवनो गठनबन्धन पर हस्ताक्षर नाही करै के परी। एमसीसी सम्झौता नेपाल के आर्थिक वृद्वि करै औ गरिबी घटाबे के काम तक मे केन्द्रित रही।

३४. **एमसीसी सम्झौता पारित हो गइल त अमेरिकी सेना नेपाल आवै लगिहै ?**
नाही आ पइहैं। एमसीसी के आयोजना विशुद्व रुप मे गैर सैन्य प्रकृति के बा। एमसीसी ऐन से सैन्य गतिविध के खातिर आर्थिक सहयोग देय में प्रतिबन्ध लगौले बा।

३५. **एमसीसी सम्झौता मार्फत विदेशी नागरिक नेपाल में रहिकै काम करै नि:शर्त अधिकार मिली ?**
नाही मिली। एमसिए-नेपाल के साथे काम करैवाले ठेकेदार लगायत के सारे विदेशी नागरिकका नेपाल के अध्यागमन कानुन मे भइल व्यवस्था के पूर्ण रुप से पालन करै के परी। एमसिए-नेपाल मे कार्यरत ९६ प्रतिशत कर्मचारी नेपाली नागरिक बा।

३६. **एमसीसी के कर्मचारी स्थानीय कानुन से उन्मुक्त होइहै ?**
नेपाल के अदालत और न्यायधिकरण के क्षेत्राधिकार से एमसीसी के कर्मचारी का उन्मुक्ति यहि सम्झौता अन्तर्गत के गतिविधि से सिर्जित होयवाले दाबी वा क्षति भर में लागू होइहैं और आयोजना के बहरे के क्रियाकलाप में लागू नाही होई। यइसन उन्मुक्ति कूटनैतिक सम्बन्धन के सन्दर्भ में सामान्य बा और विदेश में कार्यरत नेपाली कूटनीतिज्ञ लोगन के सन्दर्भ में यी सुविधा देत बा।

३७. **कम्प्याक्ट के अनुमोदन के बारे मे छलफल होते होत आयोजना कार्यान्वयन सम्झौता (पीआईए) में काहे हस्ताक्षर कैले बा।**
कम्प्याक्ट कार्यान्वयन में प्रवेश करे खातिर पूरा करब जरुरी अलग अलग पूर्व शर्तन के रुप में येकर संसदीय अनुमोदन, आयोजना कार्यान्वयन सम्झौता में हस्ताक्षर और कम्प्याक्ट में निर्धारित कैयुन अन्य बुँदा हैं। पीआइए में हस्ताक्षर के खातिर कम्प्याक्ट के अनुमोदन के इन्तजार करे आ वहीपर आधारित होब जरुरी नाही है। तयारी कार्य पूरा करै के सन्दर्भ मे पी आईए कम्प्याक्ट सम्झौता अन्तर्गत के एक अलग जरुरत होई।

३८. **आयोजना कार्यावयन सम्झौता (पी आई ए) के मुल दस्तावेज के रुपमे रहल कम्प्याक्ट सम्झौता के कुछ प्रावधान मे काहे बदलाव भईल बा ?**
उदाहरण के खातिर कम्प्याफट सम्झौता एम सी ए नेपाल के द्वारा भईल निर्णय सरकार के खातिर बाध्यकारी नाही बनाउल बा लेकिन पी आई ए के जइसन निर्णय सरकार के खातिर वाध्यकारी कईल बा। आयोजना कार्यान्वयन सम्झौता (पीआईए) कम्प्याक्ट कार्यान्वयन में सहयोग करेवाला एक अलग सम्झौता बा। पीआइए कम्प्याक्ट से अलग के सम्झौता भइले के नाते इहे कम्प्याक्ट सम्झौता में भइल प्रावधानन के परिवर्तित नाई करी। एकरे जगहि पीआईए कम्प्याक्ट के सीमा अउर परिभाषित करी। पीआईए में नेपाल सरकार प्रति जिम्मेवार स्वायत्त विकास समिति के रुप में परिभाषत भईल एमसिए-नेपाल कम्प्याक्ट के रेखदेख अउर व्यवस्थापन के कार्यान्वयन कइले में आपन अधिकार अउर कर्तव्य के निर्वाह करला। कम्प्याक्ट अउर पीआईए के प्रावधान आपस में बाझले पे कम्प्याक्ट के प्रावधान हि लागु होइ।

३९. **संसद के द्वारा एमसीसी सम्झौता के अनुमोदन कइले से पहिले एमसीसी अउर नेपाल सरकार दुनो के द्वारा आयोजना में लगानी करे के कारण का बा ?**
यी लगानी कम्प्याक्ट कार्यान्वयन के खातिर जरुरी आयोजना तयारी के काम के खातिर भईल रहल। समय से निर्माण कार्य पूरा करे के सुनिश्चित करेके खातिर बडहन पूर्वाधार आयोजना के उचित सर्वेक्षण अउर कार्यक्षेत्र निर्धारण जइसन काम के पहिले पूरा कइल जरुरी बा। कार्यान्वयन शुरु भइले के पाँच वर्ष वाद अमेरिकी आर्थिक सहयोग उपलब्ध नाही होखे के खातिर एमसीसी कम्प्याक्ट के सन्दर्भ में यी अउर महत्वपूर्ण बा। पूर्व तयारी के विना ढेर योजना में समय सीमा से ज्यादा समय लागे के अनुभव हम्मन के बा। समय से काम पूरा कइले के सुनिश्चितता के खातिर निर्माण कार्य शुरु कइले से पहिले पूर्ण रुप में पूर्व तयारी करेके खातिर एमसीसी मोडेल के जरुरत बा।

४०. **एमसीसी नेपाल कम्प्याक्ट अनुदान सम्बन्धी पूर्व तयारी अउर कार्यान्वयन के बीच का भिन्नता बा ?**
एमसीसी नेपाल कम्प्याक्ट अनुदान अन्तर्गत कइल जाएवाला पूर्व तयारी चरण अउर कार्यान्वयन चरण सम्झौता कार्यान्वयन के दुई अलग-अलग चरण बा। निश्चित समयावधि अर्थात पाँच वर्ष के भितर पूरा कईल जाएवाला भइले के नाते पूर्व तयारी अउर निर्माण कार्यान्वयन कइके दुई चरण में योजना कार्यान्वयन करके एमसीसी के मोडेल बा। इहे आधार पे एमसीसी नेपाल कम्प्याक्ट अनुदान अन्तर्गत के आयोजना के पूर्व तयारी के चरण में पुनर्वास कार्ययोजना, प्रशारण रेखाङ्कन में भइल सिकायत के सम्बोधन, जग्गा अधिग्रहण, वातावरणीय प्रभाव मूल्यांकन, रेखाङ्कन में परे वाला वन के कटानी के अनुमती, लैङ्गिक अउर सामाजिक समावेशीकरण योजना तर्जुमा, सडकी मर्मत आयोजना के पूर्व तयारी, निर्माण ठेक्का के खातिर जरुरी बोलपत्र लगायत के दस्तावेज के तयारी काम चालु बा। पूर्व तयारी के काम कार्यक्रम कार्यान्वयन चरण के पृष्ठभूमी बा आयोजना के कार्यान्वयन के चरण नाई बा।

**सम्पर्कका लागि :**
**मिलेनियम च्यालेञ्ज एकाउण्ट नेपाल विकास समिति (एमसिए-नेपाल)**
लालदरवार सम्मेलन केन्द्र, याक एण्ड यति परिसर, दरवार मार्ग, काठमाडौं, नेपाल
+९७७-१-४५४०९५१ | info@mcanp.org | www.mcanp.org

*विद्युत् तथा सडकमा सहज पहुँचमार्फत आर्थिक विकास*